

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra nya éta salasihiji unsur tina kabudayaan anu ngandung kaéndahan jeung bisa nimbulkeun rupa-rupa rasa, pamikiran, jeung pangaweruh sarta miboga mangpaat nu bisa mangaruhan jiwa ka nu macana. Karya sastra bisa nuduhkeun hiji gambaran gejala sosial anu patalina jeung aturan adat istiadat sarta mangrupa dokumén anu penting pikeun medar sajarah sosial dina unggal jamanna.

Teu béda jeung kanyataan, karya sastra ogé réa nyaritakeun jeung ngagambarkeun ngeunaan kabudayaan. Karya sastra téh némbongkeun gambaran kahirupan. Karya sastra jeung masarakat mangrupa hal anu silih patali, lantaran dijeronan kagambar kahirupan manusa sarta budaya anu diwakilan ku tokoh-tokoh fiksi (Istiqomah, 2015, kc. 2). Karya sastra salaku tanda patali jeung konvensi masarakatna. Karya sastra teu leupas ti sajarah jeung latar sosial budaya masarakat anu ngahasilkeunana (Pradopo, 2001, kc. 56).

Sastra jeung masarakat, mangrupa hal anu silih patali. Sastra bisa nunjukkeun téma-téma ngeunaan kaayaan sosial budaya masarakat. Dina kahirupan sapopoé, manusa hirup dina patokan sistem kayakinan, aturan-aturan, norma-norma sarta pituduh-pituduh anu sakabéhna muncul sacara alamiah atawa dijieun ku manusana salaku pangabutuh dina kabudayaanana, lantaran budaya teu bisa dipisahkeun jeung kahirupan manusa (Astutik, 2012, kc. 2). Pangarang dina nyiptakeun karya sastra téh ngaliwatan implengan (*imajinasi*) anu tangtu dipangaruhan ku kaayaan lingkunganana, sok sanajan kaayaan lingkungan teu mutlak aya dina sastra (Ahmadi, 2010, kc. 40).

Saacan urang Sunda apal kana wangun karya sastra prosa, karya sastra anu leuwih heula muncul téh salasihijina aya wawacan. Wawacan téh kaasup karya sastra winangun tinulis. Wangun tulisan anu disusun dina puisi wawacan téh didangdingkeun ngagunakeun patokan pupuh. Ari ditilik tina basana, salian ti basa Sunda ogé aya basa Indonésia, basa Arab jeung basa Jawa. Luyu jeung

Egi Praja Septian, 2016

**WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pamadegan Iskandarwassid (1992, kc. 164), anu nétélakeun yén wawacan nya éta carita dina wangun dangding, ditulis dina puisi pupuh. Ku lantaran sipatna naratif, téks (wacana) wawacan umumna paranjang; biasana sok robah pupuh téh nalika ganti épisode. Wawacan biasana dibaca ku cara dihaleuangkeun atawa ditembangkeun nalika pagelaran seni beluk (Jawa: macapatan), tapi teu sakabéh lakon wawacan bisa dipintonkeun dina seni beluk.

Nurutkeun Rosidi dina Koswara (2011, kc. 131), wawacan nya éta hikayat anu ditulis dina wangun puisi anu dingaranan dangding. Dangding nya éta beundeulan anu geus tangtu pikeun ngagambarkeun hal-hal nu tangtu ogé. Dangding diwangun ku sababaraha puisi anu disebut pupuh.

Wawacan mangrupa karangan panjang anu disusun dina wangun pupuh. Pupuh anu dipakéna rupa-rupa luyu jeung gambaran unsur-unsur carita saperti palaku, latar, jeung galur carita. Ku kituna, eusi wawacan mah ngalalakon (Sudaryat, dkk. 2007, kc. 109)

Kaayeunakeun, wawacan téh kurang aprésiasi jeung éksisténsina di masarakat. Nurutkeun Mahmud (1987, kc. 90), wawacan Jawa jeung Sunda jadi *merana* lantaran unsur pagelaran anu jarang atawa ampir tumpur, sedengkeun aspék sastra masih bisa *dikonservasi* ngaliwatan tulisan. Seni beluk anu ampir tumpur di Pasundan sacara langsung ngaleungitkeun seni panembangan wawacan, lantaran beluk mangrupa wahana aktualisasi tina panembangan éta wawacan. Luyu jeung Moriyama (2013, kc. 66-67), nétélakeun yén dina panutur basa Sunda, wawacan téh geus jarang pisan dibaca, komo deui dihaleuangkeun. Ngan ukur kokolot anu sok maca téh, tapi ampir teu pernah didangdingkeun di hareupeun jalma réa, iwal ti beluk jeung tembang Sunda.

Wawacan téh kaasup kaarifan lokal jeung jadi kabeungharan kabudayaan utamana keur masarakat Sunda, salian ti warisan ti sesepuh atawa karuhun, tapi ogé penting pisan pikeun dijaga jeung diteuleuman ajén-inajénna. Lantaran nurutkeun Geertz dina Putranto (2003, kc. 231), hiji masarakat téh sok sanajan teu hirup sajaman jeung karuhunna, sacara teu langsung bakal kapangaruhan ogé ku karuhunna. Istiqomah (2015, kc. 2), nétélakeun yén kaarifan lokal téh méré kontribusi kana kabudayaan anu leuwih jembar deui. Saupama manusa bisa

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngamangpaatkeun kaarifan lokal, hartina sarua jeung ngahormat ka budaya *leluhur*. Manusa jeung budaya téh teu bisa dipisahkeun, dina unggal tempat cicingna, bakal aya kabudayaan didinya. Suhartono, dkk (2010, kc. 306) nétélakeun yén masarakat néangan cara pikeun ngungkulan pasualan atawa *konflik* anu aya dina sosial-budaya ku cara ngébréhkeun kana carita, éta hal téh dipilampah lantaran munculna ti *ketidaksadaran* antropologis.

Barudak ayeuna leuwih apal kana carita *Romeo and Juliet* tibatan kana carita daérahna, saperti dina urang Sunda, padahal carita rahayat saperti wawacan téh mangrupa gambaran hiji kajadian masarakat, sok sanajan teu nyata tapi éta proyéksi tina harepan rahayat sarta dipaké pikeun ngatur adat-budaya, ajén-inajén jeung norma masarakatna. Carita dina wawacan ayeuna geus jarang dibaca deui ku generasi jaman kiwari. Kamekaran jaman geus ngarobah sastra jeung kahirupan. Dina wawacan salian ti maca carita, dibarengan ogé ku ngadangding atawa nembang anu mangrupa stimulus pikeun réson motorikna. Luyu jeung éta hal, pikeun widang atikan nurutkeun Moriyama (2013, kc. 51), nepi ka tengah abad ka-19, Walanda nyindekkeun yén dangding nya éta wangun tulisan favorit dina panutur basa Sunda, ku lantaran éta dianggap mangrupa pakakas anu éféktif pikeun nepikeun bahan pangajaran barudak Sunda.

Legenda-legenda Sunda téh salaku bahan bacaan, ngeunaan adat-adat lokal jeung tatakrama, sarta puisi Sunda (tembang). Diajar rupa-rupa wirahma, anu hartina ogé kudu diajar atawa leuwih alus deui dina ngalagukeun puisi, lain hiji hal anu kaleuleuwihi jeung tangtu ogé bakal ngirut urang Sunda; pangaweruh ngeunaan éta hal dianggap minangka simbol peradaban jeung atikan anu hadé (AVSS dina Moriyama, 2013, kc. 51).

Balukar tina kamekaran jeung parobahan di masarakat Sunda, panalungtikan ngeunaan wawacan mangrupa hiji kagiatan anu husus salian ti pikeun ngajembaran jeung ngahirupkeun deui hasanah kasusastraan Sunda, salasahijina ngaliwatan sawangan antropologi sastra, pungsina pikeun neuleuman, ngajéntrékeun, jeung ngabeungharan sawangan manusa kana kahirupan. Pikeun panalungtikan sastra, wawacan téh saéstuna pikaresepeun pisan, diantaranya bisa apal nepi ka mana aspék lisan miboga *kontribusi* pikeun nepikeun amanat, aya

Egi Praja Septian, 2016

**WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa henteu *improvisasi* dina panembangan, nepi ka mana ajén-inajén budaya asing jeung non-Sunda disaluyukeun kana ajén-inajén kasundaan ku nu ngarobahna, jeung kumaha dina aprésiasiasi ti masarakatna, sarta nepi ka mana transformasi wangun anu aya jeung kumaha ayana, misalna dina robahna deui wawacan ti sastra Arab jeung Melayu.

Dina wawacan anu bahanna tina kajadian modérn jeung réalistic, Wawacan Siti Permana téh resep pisan saupama dijadikeun bahan panalungtikan sastra. Misalna bisa ditingali tina réana hal anu mirip dina unsur-unsur carita *Wawacan Siti Permana* (M.K. Mangundikaria) jeung sababaraha unsur dina novel *Yuhana* (Ahmad Basah), atawa sababaraha unsur dina *Wawacan Pipilih Nyiar nu Leuwih* (R. Candrapraja) jeung novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri. Buku anu disebutkeun, sawaréh terbit saacan perang (Mahmud, 1987, kc. 87).

Ngeunaan wawacan, panalungtikan anu kungsi diayakeun di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, di antarana:

1. “*Babad Sumedang: Ulikan Struktur jeung Semiotik pikeun Alternatif Bahan Pembelajaran Sastra di SMP*”, ku Rahmat Hidayat (2012).
2. “*Wawacan Simbar Kancana (Ulikan Struktural, Budaya, jeung Étnopédagogik)*”, ku Opah Ropiah (2015).
3. “*Wawacan Mahabarata Anggitan Memed Sastrahadiprawira (Ulikan Struktur jeung Étnopédagogik)*”, ku Fajar Sukma Nur’Alam (2015).

Tina panalungtikan ngeunaan naskah Sunda, can aya nu nalungtik ngeunaan *Wawacan Siti Permana* (WSP), dina ieu wawacan téh penting pisan dituleuman, lantaran salian ti kabeungharan khazanah kasusastraan Sunda, réa ogé ajén-inajén nu penting pikeun dipikanyaho ku masarakat. Aya sababaraha hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan *Wawacan Siti Permana*, di antarana struktur jeung antropologi sastra. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “*Wawacan Siti Permana anggitan M.K Mangoendikaria (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)*”.

1.2 Rumusan Masalah

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana kasang tukang masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ngeunaan wawacan, sastra, jeung ajén-inajén budaya nu bisa diulik ku rupa-rupa panalungtikan saperti dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha struktur formal dina *Wawacan Siti Permana*?
- b. Kumaha struktur naratif dina *Wawacan Siti Permana*?
- c. Kumaha unsur antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun ngungkab unsur-unsur struktural jeung antropologi sastra dina wawacan sarta bisa ngawanohkeun jeung numuwuhkeun karep jeung karesep masarakat kana carita Sunda utamana dina wawacan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikan ieu di handap.

- a. Struktur formal dina *Wawacan Siti Permana*
- b. Struktur naratif dina *Wawacan Siti Permana*.
- c. Ajén antropologi sastra anu aya dina *Wawacan Siti Permana*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan sacara tioritis dipiharep bisa méré mangpaat pikeun dunya atikan, bisa ngajembaran pangaweruh, utamana pikeun usaha mertahankeun sastra buhun.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat dina ieu panalungtikan sacara praktis, bisa muka wawasan masarakat, bisa nambahan pangaweruh anu aya dina *Wawacan Siti Permana*.

- a. Hasil dina ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan liana.
- b. Bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra buhun anu pinuh ku ajén-inajén; jeung
- c. Ngalatih prosés mikir ilmiah anu penting dina ngaréngsékeun panalungtikan.

1.5 Sistematika Nyusun Tésis

Ieu tésis ngawengku lima bab, nya éta: Bab I bubuka, Bab II wawacan, strukturalisme, jeung antropologi sastra, Bab III métode panalungtikan, Bab IV déskripsi hasil panalungtikan, jeung Bab V panutup.

Dina Bab I, medar ngeunaan kasangtukung masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung husus. Ari dina mangpaat panalungtikan, aya mangpaat sacara tioritis jeung sacara praktis. Tuluy dipedar ogé ngeunaan sistematika tulisan ti mimiti Bab I nepi ka Bab V.

Dina bab II, eusina mangrupa landasan tioritik. Medar ngeunaan wawacan, strukturalisme, jeung antropologi sastra

Dina Bab III medar tiori panalungtikan. Eusina nya éta medar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan jeung téhnik panalungtikan, nu ngawengku téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data.

Dina Bab IV, ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur-unsur struktural jeung antropologi sastra nu aya dina *Wawacan Siti Permana*.

Bab anu pamungkas nya éta Bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh hasil panalungtikan jeung rékoméndasi keur panalungtikan anu satuluyna.